

Egzijans Travay SNAP yo

Èske yo egzije benefisyè Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman, oswa SNAP yo, pou yo travay?

Yo egzije tout benefisyè SNAP ki gen laj ant 16 a 59 an yo pou yo travay, amwens ke yo satisfè omwen youn nan kondisyon sa yo:

- Yo responsab pou pran swen yon timoun ki gen mwens ke sizan;
- Yo pakab travay akòz yon kondisyon sante mantal oswa fizik;
- Yo bezwen yo pou bay swen a tan konplè pou yon moun ki andikape; oswa
- Yo ap aplike pou oswa resevwa avantaj asirans pou chomaj yo; oswa
- Yon elèv ki enskri omwen mwaye tan nan lekòl, nan yon pwogram fòmasyon oswa nan yon enstitisyon ensèyman siperyè; oswa
- Yon patisipan regilye kap swiv yon pwogram tretman ak reyabilitasyon pou dwòg oswa alkòl.

Ki egzijans yo genyen?

Moun ki dwe satisfè egzijans travay SNAP yo dwe:

- Aksepte anplwa kòm sadwa lè yo bay yo referans oswa lè yo ofri yo yon travay;
- Reponn a demann distrik sèvis sosyal yo konsènan estati anplwa yo ak disponibilite yo pou travay;
- Patisipe nan aktivite travay yo pandan jiska 30 èdtan pa semèn, si yo atribiye yo; epi
- Yo pa dwe kite oswa redui kantite èdtan travay yo volontèman.

Patisipan SNAP yo kapab resevwa nouvèl atribisyon yo, ki enkli:

- **Eksperyans Travay:** Atribisyon travay nan antite piblik oswa òganizasyon san bi likratif yo konsevwa pou amelyore chans pou yon moun kapab jwenn yon travay lè yo demonstre ak devlope konpetans nan milye travay yo;
- **Cache Travay ak Asistans Preparasyon pou Travay:** Ede lokalize travay ki disponib yo epi prepare pou travay yo lè yo aprann yo prepare yon rezime, konplete aplikasyon travay yo, fè entèvyou pou travay yo, eksplòre karyè yo ak lòt aktivite yo;
- **Edikasyon:** Aktivite tankou alfabetizasyon, preparasyon pou Diplòm Ekivalans Lekòl Segondè a, etidye Anglè kòm yon Dezyèm Lang, ansanm ak lòt aktivite edikasyonèl yo; ak/oswa
- **Fòmasyon Pwofesyonèl:** Asistans pou kapab aprann konpetans ki espesifik pou sèten travay, souvan sa vle di atenn yon kalifikasyon pou demontre anplwayè yo ke ou te konplete fòmasyon an.

Kisa k ap rive si yon moun refize konfòme yo a egzijans yo?

Nenpòt moun ki refize oswa ki pa rive, san rezon valab, konfòme yo a egzijans travay SNAP yo kapab resevwa yon sanksyon, epi moun lan pap kalifye pou yo resevwa SNAP pandan tan sanksyon sa anvigè. Dire sanksyon an depann de kantite fwa yo te bay yon moun sanksyon anvan akòz yo pa te konfòme yo a egzijans travay SNAP yo.

Kisa yon ABAWD ye?

ABAWD vle di "adilt ki pa enfim ki pa gen depandan sou kont yo" (able-bodied adult without dependents, ABAWD). Lwa federal yo mande pou ABAWD yo satisfè egzijans travay adisyonèl pou yo kapab resevwa avantaj SNAP yo pandan plis ke twa mwa nan yon peryòd 36 mwa. Yo dwe patisipe nan aktivite travay ki kalifye yo pandan omwen 80 èdtan pa mwa, yo dwe bay yo yon esklizyon ki konfòm ak politik esklizyon ABAWD distrik sèvis sosyal yo a, oswa yo dwe rezide nan yon zòn ki gen yon egzansyon ke Depatman Agrikilti Etazini an (U.S. Department of Agriculture, USDA) apwouve. Gouvènman federal la gen règleman estrik konsènan pou ki zòn nan eta a yo ka fè egzansyon pou egzijans travay yo, jeneralman sa mande pou zòn lan gen yon to chomaj elve.

Èske gen eksepsyon?

Benefisyè SNAP ki dwe konfòm a egzijans travay SNAP yo, epi ki satisfè nenpòt nan kritè ki annapre yo pa bezwen konfòm a egzijans travay ABAWD yo, men yo ka toujou egzije yo pou yo patisipe nan aktivite travay ke yo atribiye bay yo nan kad pwogram Asistans Pwovizwa ak/oswa pwogram Anplwa ak Fòmasyon SNAP la:

- Paran an oswa lòt adilt k ap viv nan yon fwaye ki resevwa SNAP ki gen yon moun ki gen mwens ke 18 tan;
- Yon moun ki gen mwens ke 18 tan oswa yon moun ki gen 50 tan oswa plis;
- Ansent;
- Yon moun ki pa kapab travay pou omwen 80 èdtan pa mwa akòz yon limitasyon fizik oswa mantal;
- Yon moun k ap resevwa konpansasyon andikape Zafè Ansyen Konbatan yo; oswa
- Yon moun ki ap resevwa avantaj andikape yo nan men yon sous prive oswa piblik, tankou avantaj andikape Eta New York yo.

Ki egzijans ki genyen pou ABAWD yo?

Pou w ka kontinye kalifye pou avantaj SNAP yo pandan plis pase twa mwa nan yon peryòd 36 mwa, ABAWD yo dwe konplete epi dokimante patisipasyon yo nan omwen youn nan opsyon ki annapre yo chak mwa:

- Travay (ki gen ladan travay "peman an nati" ak travay volontè) pou omwen 80 èdtan;
- Patisipasyon nan yon pwogram fòmasyon/travay kalifye ke distrik sèvis sosyal la te apwouve pandan omwen 80 èdtan;
- Konfòmite ak yon atribisyon Pwogram Eksperyans Travay (Work Experience Program, WEP) pou yon kantite èdtan ki egal a kantite avantaj SNAP pa mwa a, divize pa pi gwo salè minimòm federal la oswa salè minimòm Eta a;
- Patisipe nan yon pwogram anba Lwa sou Opòtinite ak Inovasyon Mendèv la (Workforce Innovation and Opportunity Act, WIOA) oswa Lwa sou Komès la (Trade Act), ki ka gen ladan chèche travay, preparasyon pou travay, fòmasyon pou konpetans pwofesyonèl yo oswa aktivite edikasyonèl yo pandan omwen 80 èdtan; oswa
- Patisipasyon nan yon melanj travay oswa pwogram travay ki kalifye yo pandan omwen 80 èdtan.

Nenpòt ABAWD ki bezwen asistans pou yo jwenn yon travay oswa patisipe nan yon aktivite travay pou yo kapab kontinye resevwa avantaj SNAP yo apre twa mwa yo dwe mande asistans nan distrik sèvis sosyal la. Distrik la ap asire ke moun lan gen opòtinite pou li patisipe nan yon aktivite pou l ka kontinye resevwa avantaj SNAP yo.

Kisa Pwogram SNAP E&T a ye?

Onivo Eta New York, gen 39 òganizasyon ki ofri travay ki konsantre sou sèvis edikasyon ak fòmasyon atravè Pwogram Anplwa ak Fòmasyon (Employment and Training, E&T) SNAP la. Pwogram Venture IV SNAP E&T a ofri opòtinite pou benefisyè SNAP yo devlope konpetans, resevwa fòmasyon oswa gen eksperyans travay pou ede yo jwenn yon travay.

Pwogram lan vize sipòte moun k ap fè fas a baryè ki anpeche yo jwenn travay, tankou moun ki gen istorik abi sibstans oswa pase kriminèl, moun ki gen nivo alfabetizasyon fèb, ki pa gen twòp istwa travay, ki nan chomaj oswa ki pa gen ase èdtan travay, ki pa pale Anglè byen, oswa moun ki pa gen yon diplòm lekòl segondè. Pwogram lan benefisyè jèn ki kalifye yo ki gen ant 16 zan a 24 an yo tou. Founisè yo ap travay depre ak Konsèy Envestisman nan Mendèv lokal yo pou ede patisipan yo rive atenn kalifikasyon ke anplwayè lokal yo ap chache yo.

Objektif fich enfòmasyon sa a se pou bay enfòmasyon jeneral sou pwogram lan, yo pa fèt pou itilize l pou detèmine kalifikasyon oswa defini kondisyon pwogram lan yo pou okenn moun oswa fwaye.